



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-831**

Sijè: **ARASMAN SEKSYÈL ANT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **7 oktòb 2021**

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase CR A-831 ki gen dat 23 oktòb 2019.

Regleman sa a tabli yon pwosedi pou pote plent, envestige ak rezoud plent sou arasman seksyèl ant elèv ak elèv.

#### Chanjman:

- Klarifye ke lyezon pou Prevansyon arasman seksyèl (Sexual Harassment Prevention, SHP) la sèvi kòm resous sou sijè ki kouvri règleman sa a. (Rezime)
- Ajoute yo entèdi arasman seksyèl ant elèv pandan aprantisaj sou entènèt. (Rezime , Seksyon I.B)
- Gade definisyon arasman seksyèl ant elèv. (Seksyon I.A.)
- Ajoute tèks, aplikasyon, fowòm diskisyon, ak sistèm jwèt nan lis egzanp mòd kominikasyon elektwonik arasman. (Seksyon I.E)
- Ajoute yon dispozisyon konsènan anplwaye ki pa rive fè yon rapò dapre Seksyon II.C. (Seksyon II.D)
- Ajoute Kowòdonatè Tit IX ka resevwa rapò prezime arasman seksyèl ant elèv. (Seksyon II.E)
- Siprime “nan dosye envestigasyon.” (Seksyon II.J)
- Ajoute enfòmasyon nan Seksyon II.L sou direktè a/reprezantan l k ap konseye paran pati akizasyon yo lè yo resevwa yon rapò. (Seksyon II.L)
- Ajoute yon referans pou Regleman Chanselye A-412, epi ranplase “Direktè biwo sèvis elèv, Borough/Citywide Office Director of Student Services” pa “Direktè Sekirite onivo Borough a, Borough Safety Director.” (Seksyon II.M)
- Ranplase “obtain, jwenn” pa “ask them to prepare, mande l pou prepare” (Seksyon III.A.5)
- Presize rekòmandasyon pou travayè sosyal nan lekòl la, konseye pedagogik, sikològ, oswa lòt manm apwopriye estaf lekòl la se egzanp “entèvansyon pou oryantasyon.” (Seksyon IV.B)
- Ajoute enfòmasyon sou sitiyoasyon kote estaf lekòl la kwè mezi suivi pou yon ensidan jistifye revizyon Pwogram edikasyon endividyèl elèv la (IEP) oswa Plan Seksyon 504. (Seksyon IV.D)
- Presize (Biwo sekirite ak fòmasyon jèn, Office of Safety and Youth Development, OSYD) “poste vizibleman” afich sou Arasman seksyèl ke yo te prepare a vle di “nan zòn ki vizib anpil pou elèv, paran ak manm estaf lekòl yo,” epi ajoute lekòl la ta dwe fè efò pou poste enfòmasyon pi vit posib nan ane lekòl la. (Seksyon V.A)

- Ajoute chak lekòl dwe distribye materyèl ekri chak ane OSYD prepare, epi materyèl sa yo gen ladan enfòmasyon sou moun paran yo ka kontakte andeyò lekòl la pou sipò anplis. (Seksyon V.B)
- Ajoute chak direktè/reprezantan l ta dwe fè efò pou bay elèv ak paran yo non ak enfòmasyon sou moun pou kontakte nan lyezon SHP pi vit posib nan ane lekòl la. (Seksyon V.C)
- Presize omwen (1) lyezon SHP a konplete trening obligatwa SHP OSYD fè a. (Section V.F)
- Reòganize ak mete ajou enfòmasyon chak direktè dwe voye nan plan konsolide anyèl devlopman lekòl ak lajenès. (Seksyon VI)
- Ajoute “tankou bay sipò ak entèkansyon” nan Seksyon VII sou konfidansyalite.
- Pandan tan an, ajoute hyperlink pou Règleman Chanselye yo bay referans yo.



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-831**

Sijè: **ARASMAN SEKSYÈL ANT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **7 oktòb 2021**

### REZIME

Se règleman NYCDOE pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikatif ki favorab kote ki pa gen arasman seksyèl elèv ak lòt estaf fè. Arasman sa yo se konduit yo entèdi nan lekòl, pandan lè lekòl, panda aprantisaj sou entènèt, avan oswa apre lekòl, sou lakou lekòl la nan aktivite lekòl la patwone oswa pandan yo nan machin DOE peye oswa lòt kote lè konpòtman sa a deranje oswa ta ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete andanje sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la. Règleman sa a egzije pou yo nome yon lyezon pou Sexual Harassment Prevention liaison, jan yo defini l pi ba a , ki resevwa trening sou règleman sa a epi ki ka resevwa rapò sou arasman seksyèl ant elèv, epi ki sèvi kòm yon resous sou tèm yo kouvri nan règleman an. Règleman sa a aplikab pou pwosedi pou rapò, investigasyon, avi ak swivi pou arasman seksyèl ant elèv. Elèv ki gen konpòtman ki vyole règleman sa a ap resevwa entèvansyon, sipò ak sanksyon , kòm sadwa dapre Atant sou konpòtman Vil la pou sipòte aprantisaj elèv(Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning (Kòd disiplin) ak CR A-443. Viktim ak temwen ap resevwa entèvansyon ak sipò kòm sadwa. Pou plent kont diskriminasyon ant elèv(tankou diskriminasyon dapre sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks ak oryantasyon seksyèl), arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans, tanpri gade CR A-832.

### I. REGLEMAN

- A. Se règleman NYCDOE pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikatif ki favorab kote ki pa gen arasman seksyèl elèv fè sou lòt elèv. Se yon vyolasyon règleman sa a si yon elèv arase yon lòt elèv nan konduit oswa nan kominikasyon nan yon manyè seksyèl ki pa apwopriye ki grav, pèsistan , anvayisan ki ka:

- (1) kreye yon anviwonman eskolè ostil, k ap ofanse, oswa entimide lòt elèv avèk yon konduit ki:
- a. ap oswa t ap gen efè pou entèfere yon fason derezone ak sibstansyèl sou pèfòmans akademik elèv la, opòtinite, oswa kapasite pou patisipe oswa benefisye yon pwogram akademik (tankou elèv la pa ale lekòl regilyèman pèfòmans akademik elèv la oswa pèfòmans nan klas chanje), aktivite lekòl la esponsorize oswa lòt aspè edikasyon yon elèv (tankou elèv la pa ale regilyèman nan lòt aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik la oswa nivo patisipasyon l chanje); oswa
  - b. ap oswa t ap gen efè pou entèfere yon fason derezone ak sibstansyèl sou byennèt fizik, emosyonèl, mantal yon elèv (tankou, sa gen enpak sou konpòtman elèv nan lekòl la; elèv la repliye oswa izole l; elèv la parèt pè deprime, oswa distrèhe student appears to be anxious, depressed, or distracted); oswa
  - c. fè oswa ta fè elèv la pè nan yon fason rezonab pou sekirite fizik li (tankou elèv ak/oswa lòt elèv oswa manm estaf oswa estaf te eksprime enkyetid sou sekirite elèv la); oswa
  - d. kòz seryezman oswa ta ka sipoze lakòz domaj fizik oswa twoub emosyonèl pou yon elèv.

### **OSWA**

- (2) yon lòt fason ki afekte opòtinite akademik yon elèv.
- B. Yo entèdi arasman seksyèl ant elèv nan lekòl la, lè lekòl la ap fonksyone, pandan aprantisaj sou entènèt, avan oswa apre lekòl, sou lakou lekòl la, nan aktivite lekòl la patwone, oswa lè y ap vwayaje nan machin DOE finanse oswa andeyò pwopriyete lekòl la lè l deranje oswa ta deranje yon fason previzib pwosesis edikasyon an oswa mete andanje oswa ta mete andanje yon fason moun ka prevwa sante ak sekirite, moralite oswa byennèt tout kominote lekòl la.
  - C. Se regleman DOE pou entèdi vanjans kont nenpòt elèv, paran, oswa amplwaye DOE ki dapre konsyans li rapòte oswa patisipe nan yon investigasyon sou akizasyon arasman seksyèl elèv kont elèv. Yo konsidere tout aksyon negatif kont moun akòz patisipasyon yo nan yon aktivite pwoteje konsa kòm vanjans. Yo pral envestige akizasyon vanjans epi yo ka pran sanksyon apwopriye si yo jwenn se verite. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane.

- D. Arasman seksyèl ant elèv ak elèv se konduit ki pa apwopriye ak/oswa kominikasyon ki sou fòm seksyèl yon elèv adrese ak yon lòt elèv. Konpòtman sa yo kapab konsidere kòm arasman seksyèl kèlkeswa sèks, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl oswa ekspresyon sèks nenpòt nan elèv ki fè yo. Arasman seksyèl ka [pab yon ensidan senp oswa yon seri ensidan ki konekte.
- E. Arasman seksyèl ant elèv ka pran plizyè fòm. Li ka vèbal, nonvèbal, fizik, ekri oswa kominikasyon elektwonik. Fè aransman nan fason elektwonik gen ladan kominikasyon atravè teknoloji, men pa limite avèk: entènèt; telefòn selilè; imèl; ajenda dijital pèsonèl; mesaj tèks; aplikasyon; aparèy pòtatif san fil; medya sosyal; fowòm pou diskisyon; sistèm jwèt; ak blòg.
- F. Egzanp aransman seksyèl ant elèv gen ladan men pa limite avèk sèlman:
- Bay presyon oswa mande pou fè sèks pou ofri avantaj nan fè sèks;
  - angaje nan konpòtman vyolan oswa pou fòse fè sèks (paegzanp agresyon, vyòl) oswa fòse yon moun fè zak seksyèl;
  - angaje nan konduit fizik ki gen karaktè seksyèl tankou touche kò oswa rad yon moun, Tate, bo, penche, ponyen oswa fwote ak yon lòt moun;
  - fè kòmantè seksyèl, sijesyon, remak, ensilt, menas, takine ak/oswa fè blag oswa poze kesyon ki pa apwopriye ki gen yon karaktè seksyèl;
  - Fè kòmantè endesan, vèbal oswa ekri sou kò yon moun;
  - fè jès endesan;
  - Swiv yon lòt moun pou pèsekite l tankou nan itilizasyon teknoloji;
  - je dou, flèt seksyèl oswa pwopozisyon seksyèl;
  - sikile rimè oswa mensonj ki gen nati seksyèl;
  - anrejistreman, afich, ekspozisyon, ak/oswa distribisyon san pèmisyon, imaj , videyo, odyo, anrejistreman, foto oswa desenki gen oryantasyon seksyèl oswa ki sijere sèks; ak
  - menase oswa patisipe nan abi fizik, seksyèl, vèbal oswa/oswa emosyonèl pou fè mal, entimide oswa kontwole yon mennaj oswa yon ansyen mennaj (abi nan renmen).

## II. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

- A. “Fè rapò” jan yo itilize l nan regleman sa a vle di yon rapò sou arasman seksyèl ant elèv ke moun yo di ki viktim lan oswa lòt moun (paegzanp estaf, paran oswa lòt elèv) fè.

- B. Chak direktè dwe nome omwen yon(1) manm estaf pou jwe wòl lyezon pou prevansyon arasman seksyèl(Sexual Harassment Prevention) ki ka resevwa rapò sou arasman seksyèl ant elèv epi ki jwe wòl yon resous pou elèv ak estaf. Lyezon Sexual Harassment Prevention (SHP) an dwe se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl oswa travayè sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la aten plan.
1. Toutan, dwe gen yon lyezon SHP nan lekòl la ki resevwa trening ki dekri nan seksyon V.D. Nan ka yon lyezon Sexual Harassment Prevention( SHP) sètifye pa nan pozisyon an ankò, direktè lekòl la dwe asire li nome yon lyezon Sexual Harassment Prevention ki resevwa trening sa a nan espas 30 jou. Annatandan, direktè lekòl la dwe chwazi yon lyezon SHP pa enterim imedyatman.
  2. Nan ka kote yon lyezon SHP pa kapab fè djòb li nan lekòl la tanporèman pou yon tan pwolonje, direktè lekòl la dwe chwazi yon lòt moun pou sèvi kòm lyezon tanporè jiskaske SHP a retounen.
- C. Nenpòt manm estaf ki se temwen yon arasman oswa ki konnen oswa ki gen enfòmasyon oswa ki resevwa nouvèl yon elèv arase yon lòt elèv oblije tousuit rapòte aloral aksyon sa a yo sispèk la bay lyezonSHP a nan espas yon (1) jou lekòl epi voye yon rapò alekri epi voye fòm plent/Rapò a (ki disopoinib nan <https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-831-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca449>) pou dekri ensidan an ba lyezon SHP oswa ba direktè/reprezantan l pa pi ta pase de jou (2) lekòl apre li fin fè rapò vèbal la. Direktè/reprezantan dwe asire kopi enprime fòm rapò yo disponib.
- D. Yon anplwaye ki pa rive fè yon rapò jan sa tabli nan Seksyon II.C a ka sijè ak disiplin, ki gen ladan revokasyon, trening obligatwa, ak/oswa lòt mezi suivi apwopriye.
- E. Elèv, paran, ak lòt moun ki pa nan estaf lekòl la ka rapòte akizasyon arasman seksyèl ant elèv vèbalman oswa alekri, tankou nan voye ale [Complaint/Reporting Form](https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/student-complaint-reporting-form) (ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/student-complaint-reporting-form>), bay direktè/Reprezantan l, lyezon SHP, oswa nenpòt lòt manm estaf lekòl la, k ap avize kowòdonatè Tit IX la (nan telefòn, imèl, oswa an person atravè enfòmasyon ki site nan Seksyon IX pi ba a), oswa atravè [online portal](https://www.nycenet.edu/bullyingreporting) (disponib nan <https://www.nycenet.edu/bullyingreporting>).
- F. Elèv ki kwè yon lòt elèv fè arasman seksyèl kont yo oswa ki se temwen oswa ki gen enfòmasyon sou ensidan sa yo ta dwe rapòte ensidan an imedyatman.
- G. Si yon elèv oswa paran pa santi li alèz pou fè yon rapò bay lekòl la, elèv la oswa paran an ka kontakte biwo Sekirite ak fòmasyon jèn (Office of School and Youth Development, OSYD) pou imèl rapò a nan [RespectForAll@schools.nyc.gov](mailto:RespectForAll@schools.nyc.gov). Men egzanp sikonstans kote sa ka apwopriye: Si elèv la/paran an pa fin kwè règleman an

aplikab pou konpòtman sa a; si yon elèv/paran te fè yon rapò deja epi konpòtman toujou ap kontinye; oswa si elèv la/paran an pè prezante tèt li. Nan sikonstans sa yo, OSYD ap deside ki mezi apwopriye y ap pran apre dapre regleman sa a.

- H. Elèv, paran, ak moun ki pa estaf ka fè yon rapò san yo pa bay non yo epi y ap envestige rapò sa yo epi y ap envestige ak konsidere rapò sa yo dapre enfòmasyon rapòtè ki pa bay non l sa bay yo.
- I. Lyezon SHP a dwe avèti imedyatman direktè/reprezantan l sou nenpòt rapò li resevwa.
- J. Direktè/reprezantan l dwe asire yo kenbe nan dosye lekòl la tout rapò ekri (paegzanp imèl, rapò ki fèt sou fòm pou pote plent/fè rapò).
- K. Direktè/reprezantan l dwe mete tout rapò yo nan Online Occurrence Reporting System (OORS) nan espas yon(1) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a epi envestige imedyatman jan yo di l nan seksyon III.
- L. Direktè/reprezantan l dwe mete okouran paran elèv yo di ki viktim lan ak elèv yo akize a nenpòt lè yo resevwa yon rapò, epi ta dwe enfòm l yo pral envestige ensidan an ak disponiblite sipò ak entèvansyon apwopriye. Sou demand, kopi regleman sa a ak resous ki gen rapò avèk yo (ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) ta dwe disponib pou paran nan fason elektwonik oswa nan vèsyon papyè si paran yo pa jwenn aksè nan vèsyon elektwonik la. Yo dwe bay avètisman sa yo imedyatman men pa pi ta pase de(2) jou lekòl apre direktè/reprezantan l fin resevwa rapò a. Si elèv yo di ki viktim lan enfòm direktè/reprezantan l sou pwoblèm sekirite poutèt plent sa a, direktè/reprezantan l ap deside si l gen pou enfòm paran viktim lan apre yo fin konsidere pwoblèm vi prive ak pwoblèm sekirite. Direktè/Reprezantan l ka pale avèk avoka anchèf domèn lan, ak Kowòdonatè Tit IX oswa Lyezon Tit IX la, nan pran desizyon sa a.
- M. Lè direktè/Reprezantan l kwè konduit akize a konstitye yon aktivite kriminel, li dwe kontakte lapolis (gade Règleman Chanselye A-412, <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-412-security-in-the-schools-english>). Direktè/reprezantan an ka pale avèk avoka anchèf domèn lan ak/oswa Direktè sekirite onivo Borough a.
- N. Si yo pa ka fè investigasyon sou plent lan nan nivo lekòl la akoz kalite ak gravite akizasyon an (yo), direktè a/reprezantan l dwe chita pale avèk kowòdonatè IX DOE a.

### III. ENVESTIGASYON

- A. Yo dwe investigate tout rapò. Yo dwe fè entèvyou ak tout konsène yo ak temwen yo apa. Yo dwe kenbe tout mesaj sou investigasyon, epi yo mete nan dosye dat chak entèvyou. Direktè/reprezantan I dwe pran etap investigasyon ki tabli pi ba a pi vit posib men pa pi ta pase senk (5) jou apre yo fin resevwa rapò a.
1. fè entèvyou avèk moun yo di ki viktim lan;
  2. mande moun yo di ki viktim lan pou prepare yon deklarasyon alekri k ap genyen otan detay posib, tankou yon deskripsyon konpòtman an, ki lè ak ki kote sa te pase, epi kiyès ki te ka temwen;
  3. Fè entèvyou avèk elèv yo akize a epi fè li konnen si li te gen konpòtman an vre, fòk sa sispann imedyatman;
  4. mande elèv yo akize a pou ekri yon deklarasyon ;
  5. Fè entèvyou avèk temwen ak mande yo pou prepare deklarasyon alekri; epi
  6. jwenn tout evidans ki enpòtan(paegzanp imaj oswa videyo oswa anrejistremant son, lè genyen). Direktè/reprezantan I ta dwe gade gid DOE a sou kòman pou jere materyèl sou entènèt ki pa apwopriye epi li ta dwe kontakte Direktè sekirite Borough a ak Senior Field Counsel, si sa nesesè.
- B. Nan fen investigasyon an, direktè/reprezantan I dwe revize tout evidans yo epi decide si akizasyon yo fonde dapre kantite evidans yo( savle di dapre yon evalyasyon tout evidans tankou kalite evidans yo ak kredibilite konsène yo ak temwen si gen plis chans pou sa yo rapòte a se verite).
- C. Si akizasyon yo fonde, direktè/reprezantan I dwe decide tou si konpòtman an vyole regleman sa a. Lè y ap pran desizyon, direktè/reprezantan I dwe evalye totalite sikonstans ki antoure konpòtman an. Direktè/reprezantan I ta dwe konsidere kantite faktè ki ta ka bagay sa yo ak lòt ankò
- laj chak moun ki enplike yo ;
  - tip, gravite ak kategori konpòtman an ;
  - si konpòtman an gen pou wè ak sèks ;
  - si konpòtman an derespèktan oswa vyolan ;
  - si konpòtman an deplase ;
  - kantite fwa ak kantite tan konpòtman an dire ;
  - kantite moun ki te enplike nan aksyon an;
  - sikonstans ki fè sa te rive;
  - kibò sa te pase ;
  - si te gen lòt ensidan nan lekòl la deja avèk menm elèv yo ;



- si konpòtman an gen efè negatif sou edikasyon viktim lan tankou prezans, pèfòmans akademik oswa patisipasyon nan aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm lan;
  - si konpòtman an afekte konpòtman viktim lan nan entèaksyon sosyal li nan lekòl;
  - si gen enkyetid ki eksprime sou sekirite viktim lan; ak
  - si byennèt mantal, emosyonèl oswa fizik viktim lan afekte.
- D. Nan fen konklizyon an, direktè/reprezantan I dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System(OORS): rezilta investigasyon an; yon desizyon si akizasyon yo jistifye ak si konpòtman sa a se yon vyolasyon regleman sa a. Yo dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System(OORS) nan espas dis(10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò sou arasman seksyèl yo ki rive ant elèv ak elèv la, absans sikonstans ki mwen grav. Yo dwe fè yon kopi rapò OORS epi mete l disponib ba kowòdonatè Tit IX la ak ba Direktè sèvis elèv, Biwo Borough/Vil la.
- E. Direktè/reprezantan I dwe fè paran elèv yo di ki viktim lan ak paran elèv yo akize a konnen alekri si gen nenpòt akizasyon ki fonde ak si konpòtman an se yon vyolasyon regleman sa a. Si nenpòt nan akizasyon sa yo fonde, anons sa a dwe fè paran yo konnen tou pou yo kontakte lekòl la pou diskite ensidan an ak tout swivi ki fèt ak disponiblite ki genyen pou fè entèvansyon ak sipòt pou pitit yo, lè sa apwopriye. Yo dwe fè paran yo konnen nan espas (10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a, si pa gen sikonstans ki mwen grav. Si yo pran yon desizyon pou pa avèti paran elèv yo di ki viktim lan jan yo dekri l nan seksyon II.K, yo p ap fè paran yo konnen enfòmasyon yo jan yo di l nan paragraf sa a.
- F. Y ap bay enfòmasyon ki nan seksyon III.E la dapre lalwa eta ak lwa federal ki pwoteje konfidansyalite sou enfòmasyon ki nan dosye elèv . Kidonk yo ka avèti paran elèv yo di ki viktim lan sèlman sou swivi, entèvansyon oswa sipò ki konsène elèv yo di ki viktim lan epi yo ka enfòmè paran elèv yo akize a sèlman sou swivi, entèvansyon oswa sipò ki onsène elèv yo akize a.
- G. Si nenpòt lè avan oswa pandan dewoulman investigasyon an, direktè/reprezantan I deside entèvansyon ak sipò apwopriye avan rezilta final yon investigasyon pou asire sekirite oswa byennèt yon elèv(tankou viktim lan, elèv yo akize a ak nenpòt temwen), yo dwe avèti paran elèv la epi yo ta dwe aplike entèvansyon ak sipò epi sipèvize yo ak modifye yo, lè sa nesèsè, jan yo di sa nan seksyon IV.B.

#### IV. ETAP POU SUIVI

- A. Direktè a/reprezantan I dwe pran mezi imedyà ak apwopriye pou fè suivi pou asire move konpòtman an sispans.

- B. Depi investigasyon an fini epi yo pran yon desizyon, jan yo di I nan seksyon III, yo dwe fè entèkansyon ak bay sipò pou viktim lan ak elèv yo akize a ak temwen yo, lè sa nesèsè. Yo dwe evalye entèkansyon ak sipò yo ka dapre ka epi yo dwe sipèvizè ak modifye yo, jan sa apwopriye. Entèkansyon ak sipò yo se bagay sa yo ak lòt ankò:
- Rekòmandasyon pou sèvis medikal nan lekòl oswa andeyò lekòl;
  - Entèkansyon pou oryantasyon (paegzanp, rekòmandasyon ba asistan sosyal, konseye, sikològ oswa lòt estaf apwopriye lekòl la oswa rekòmandasyon ba ajans òganizasyon kominotè pou oryantasyon(counseling), sipò ak/oswa sèvis edikasyon oswa sèvis sante mantal;
  - Sipò ak ajisteman akademik(paegzanp chanjman nan kou, manje midi/poz oswa orè pwogram aprelekòl);ak
  - Devlopman plan sipò endividyèl(yo dwe devlope ak aplike yon plan sipò endividyèl pou yon elèv ki se viktim vyolasyon ki fonde regleman sa a de fwa pou pi piti nan menm ane lekòl la ak/oswa pou yon elèv yo jwenn ki te vyole regleman sa a de fwa oswa plis deja nan menm ane lekòl la).

Ou ka jwenn plis detay osijè sipò ak entèkansyon yo nan Kòd Disiplin lan. Ni medyasyon ni rezolisyon konfli nan okenn sikonstans pa entèkansyon ki apwopriye pou konpòtman ki vyole regleman sa a. (Gade tou Regleman Chanselye A-101 (<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a101-admissions-readmissions-transfers-english>) and A-449 (<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-449-safety-transfers>) ki tabli regleman ak pwosedi pou jwenn yon transfè si yon transfè ka apwopriye).

- C. Lè yon elèv pran abitud itilize menas oswa abi fizik , seksyèl ak/oswa emosyonèl pou kontwòle yon moun li renmen avèk li, oswa nan ka vyolans seksyèl, lekòl la ta dwe rekòmande ni viktim lan ni elèv yo akize a nan lekòl oswa CBO apa pou counseling, sipò ak edikasyon.
- D. Si manm estaf lekòl la kwè mezi suivi pou yon ensidan jistifye revizyon Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) elèv la oswa Plan Seksyon 504 li, li ta dwe suiv pwosedi apwopriye jan sa dekri nan Regleman Chanselye A-710 (Chancellor's Regulation A-710 (<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-710>) ak Manyèl pwosedi operasyon nòmalize pou edikasyon espesyal (Special Education Standard Operating Procedures Manual (SOPM, [https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/specialeducationstandardoperatingproceduresmanualmarch.pdf?sfvrsn=4c-db05a0\\_2](https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/specialeducationstandardoperatingproceduresmanualmarch.pdf?sfvrsn=4c-db05a0_2))).

- E. Elèv yo jwenn ki vyole regleman sa a ka resevwa sanksyon ki apwopriye dapre kòd disiplin lan ak pwosedi ak kritè ki nan CR A-443. (<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-443-3-5-04-english>).
- F. Direktè/reprezantan l dwe mete tout entèvansyon ak sipò yo ofri tout konsène ak temwen yo ak tout sanksyon ki pran kont elèv yo jwenn ki te gen konpòtman ki entèdi a nan sistèm sou entènèt ki pou biwo sispansyon ak odisyon (Suspensions and Office of Hearings Online, SOHO) atravè OORS.

## V. PREVANSYON, ANONS AK TRENING

- A. Chak lekòl dwe poste vizibleman (nan zòn ki vizib anpil pou elèv, paran ak manm estaf lekòl la) [the Sexual Harassment poster](https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts) OSYD prepare a (ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) k ap eksplike regleman DOE a sou arasman seksyèl elèv ant elèv nan yon plas aksesib pou elèv, paran, ak manm estaf. Avi sa a dwe gen ladan l non lyezon SHO yo nome pou resevwa rapò sou arasman seksyèl, epi li dwe endike ki kote nan lekòl la yo ka jwenn kopi règleman sa a ak kòman pou pote yon plent. Lekòl yo ta dwe fè efò pou poste enfòmasyon sa yo pi vit posib nan ane akademik la.
- B. Chak lekòl dwe distribye anyèlman oswa mete disponib yon fason elektwonik pou tout elèv, paran, ak manm estaf lekòl la materyèl ekri OSYD prepare yo k ap souliye pwosedi ak regleman ki tabli nan regleman an, tankou pwosedi sou jan pou fè yon rapò, ak jan pou paran ka kontakte moun deyò lekòl la pou sipò anplis (ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>). Lekòl yo dwe mete disponib tou enfòmasyon sa a pou paran/elèv ki enskri nan lekòl la pandan ane lekòl la.
- C. Chak direktè/reprezantan l dwe asire yo non ak enfòmasyon pou lyezon SHP a nan sitwèb lekòl la epi pataje yo avèk elèv ak paran omwen yon fwa nan ane a, tankou atravè kominikasyon elektwonik oswa bay elèv la enfòmasyon sa yo pou li pote lakay. Lekòl yo ta dwe fè efò pou bay enfòmasyon sa yo pi vit posib nan ane akademik la.
- D. Chak direktè/reprezantan l dwe asire yo bay elèv ak estaf(paegzanp estaf ki pa pedagogik) enfòmasyon ak trening ke OSYD te devlope sou regleman ak pwosedi ki nan regleman sa a nan dat 31 oktòb chak ane lekòl la pou pi ta.
- E. Chak direktè dwe resevwa trening OSYD devlope pou idantifye ak anpeche arasman seksyèl( tankou vyolans seksyèl), regleman ak lwa kont diskriminasyon, pwosedi pou enjistis ak resous ki enplemante nan Regleman sa a disponib pou konsène yo avan dat 31 oktòb chak ane. Chak direktè dwe asire moun yo nome pou fè investigasyon ki dekri nan seksyon III a resevwa tou trening saa avan dat 31 oktòb chak ane lekòl.

- F. Chak direktè dwe asire anplis trening lekòl ki nan seksyon V.D, omwen youn (1) lyezon SHP ke yo dwe gen trening obligatwa OSYD fè.
- G. Yo dwe mete yon kopi règleman sa a disponib pou paran, estaf lekòl ak elèv, lè yo mande sa.

#### VI. PLAN GLOBAL LEKÒL AK FÒMASYON JÈN MOUN

Chak direktè dwe voye enfòmasyon sa yo, ak tout lòt enfòmasyon jan DOE te detèmine nan Plan global lekòl ak fòmasyon jèn moun (*Consolidated School and Youth Development Plan*) avan dat 31 oktòb chak ane:

- A. Non lyezon SHP a(yo). Yo dwe mete enfòmasyon sa yo ajou lè sa nesèsè;
- B. Sètifika ki omewen youn (1) lyezon SHP gen oswa pral genyen trening ki tabli nan seksyon V.F la.
- C. Sètifika ki montre yo bay elèv enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan Regleman sa a jan sa tabli nan Seksyon V.D;
- D. Sètifika ki montre manm estaf la, tankou estaf ki pa anseyan, resevwa enfòmasyon ak trening ki tabli nan seksyon V.D;
- E. Konfimasyon ke kalandriye a, lis prezans siye ak kopi tout materyèl trening yo pou dokimante trening estaf la chak ane jan Seksyon V.D a mande nan dosye lekòl la;
- F. Sètifika ki montre direktè a ak tout lòt estaf lekòl la ki fè investigasyon fè trening la dapre seksyon V.E; ak
- G. Yon plan pou anpeche ak rezoud arasman seksyèl.

#### VII. KONFIDANSYALITE

Se règleman DOE pou l respekte dwa prive tout moun ki konsène ak temwen nan rapò ki fèt dapre regleman sa a. Sepandan, yo dwe ekilibre nesèsite pou konfidansyalite dapre obligasyon pou kolabore avèk investigasyon lapolis, pou bay moun yo akize a tout dwa li genyen ak/oswa pou pran dispozisyon nesèsè pou envestige oswa pou rezoud plent lan ki gen ladan sipò ak entèvansyon yo. Kidonk, yo ka divilge enfòmasyon ki nan rapò a nan sikonstans ki apwopriye oswa jan lalwa mande sa oswa lè sa nesèsè pou pwoteje yon elèv ki sekirite l oswa byennèt li ki menase.

#### VIII. LÒT PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

Pwosedi entèn sa yo pa retire dwa okenn moun pou yo mande konkou lòt kote tankou pote plent nan nenpòt nan ajans deyò tankou:

*Office for Civil Rights*

New York Office

32 Old Slip, 26<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10005-2500  
Telefòn: (646) 428-3800  
Facsimile: (646) 428-3843  
[Imèl: OCR.NewYork@ed.gov](mailto:OCR.NewYork@ed.gov)  
<http://www.ed.gov/ocr>

**IX. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

*Office of School and Youth Development*

Depatman edikasyon Vil Nouyòk

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: (212) 374-6807

Facsimile: (212) 374-5751

[Imèl: RespectForAll@schools.nyc.gov](mailto:RespectForAll@schools.nyc.gov)

*Kowòdonatè Tit IX*

65 Court Street, Room 200

Brooklyn, NY 11201

[Imèl: Title IX Inquiries@schools.nyc.gov](mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)

Telefòn: (718) 935-4987